

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa téh mangrupa salah sahiji unsur budaya sarta sakaligus jadi wahana dina mekarkeun budaya. Ku kituna, basa mangrupa salah sahiji pakakas anu dipaké ku manusa dina prosés komunikasi. Dina pangajaran basa Sunda aya opat aspék kaparigelan basa nya éta nulis, maca, ngaregepkeun, jeung nyarita. Éta kaparigelan basa téh dipatalikeun jeung opat aspék kaparigelan basa anu disababkeun ku rupa-rupa cara, pikeun meunangkeun kaparigelan basa biasana diraéh ku cara ngaruntuy jeung teratur. Tapi, dina prosés kagiatan pangajaran di kelas dipiharep guru bisa nyaimbangeun antara opat aspék pangajaran basa anu tujuanna pikeun ngaronjatkeun kamampuh jeung pangaweruh siswa.

Dina Raksarasa (2004: 156) disebutkeun yén kagiatan nulis (9%), maca (16%), nyarita (30%), jeung ngaregepkeun (45%). hal ieu nétélakeun yén kagiatan nulis paling saeutik dipaké ku masarakat dina kahirupan sapopoé dibandingkeun jeung tilu aspék kaparigelan basa nya éta maca, nyarita jeung ngaregepkeun. Nulis mangrupa hiji kagiatan atawa hiji prosés krétif pikeun siswa dina ngayakeun kagiatan nulis anu antukna siswa bakal resep kana kagiatan nulis boh dina wangun nulis karya ilmiah boh nulis karya populér. Kaparigelan nulis dianggap hal anu kawilang unggul ti nu opat aspék kaparigelan basa, sabab kagiatan nulis mangrupa hal penting dina prosés kagiatan makéna basa, nu antukna bakal ningkatkeun kamampuh siswa dina

nepikeun gagasan, pangalaman, ideu, jeung kahayang sacara tinulis ngaliwatan tulisan. Tapi dina prak-prakanana kaparigelan nulis raket pisan patalina jeung kaparigelan maca anu antukna bakal silih pangaruhan dina prosés ngahasilkeun hiji karya, boh dina wangun karya ilmiah atawa karya populer.

Dumasar kana katangtuan ti pamaréntah, dina SKKD taun 2006 anu satuluyna dijelaskeun dina Standar Kompetensi SMA kelas X nya éta siswa mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam berbagai ragam tulisan yang berbentuk terjemahan atau aksara Sunda, surat, atau biografi. Ku kituna, anu baris dijadikeun bahan panalungtikan ka siswa kelas X di SMA Pasundan I Bandung nya eta nulis jeung maca aksara Sunda.

Nulis aksara Sunda lain mangrupa hal anu gampang komo dibarengan ku kamampuh maca aksara Sunda. Hal ieu, butuh waktu jeung latihan anu sering pikeun siswa sangkan mahér dina nulis jeung maca aksara Sunda, lantaran kaparigelan nulis jeung kaparigelan maca raket pisan patalina nu antukna bakal silih pangaruhan. Ngajarkeun nulis jeung maca aksara Sunda ka siswa bakal leuwih gampang ka cangkemna ku siswa sabab ngagunakeun gambar hurup Kaganga salaku média pangajaranana.

Ku sabab ayana anggapan yén gambar hurup Kaganga digunakeun salaku média pangajaran nulis jeung maca aksara Sunda anu antukna bakal ngaronjatkeun pangaweruh siswa. Jadi, dipiharep siswa bakal leuwih daria dina waktu narima pangajaran nulis jeung maca aksara Sunda.

Dumasar kana kasang tukang katut rumusan masalah anu geus dipedar dipiharep ku ayana panalungtikan anu judulna Pangajaran Nulis jeung Maca Aksara Sunda Ngagunakeun Media Gambar Hurup Kaganga (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas X SMA I Pasundan Bandung Tahun Ajaran 2008/2009), dipiharep bisa ngabuktikeun yén pangajaran nulis jeung maca aksara Sunda kalawan ngagunakeun gambar hurup Kaganga salaku média pangajaranana bisa ngaronjatkeun pangaweruh siswa dina nulis jeung maca aksara Sunda.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

2.1 Watesan Masalah

Masalah nu rék ditalungtik kudu diwatesanan sangkan teu lega teuing ambahanna. Anapon anu jadi watesan masalahna nya éta “*Pangajaran Nulis jeung Maca Aksara Sunda Ngagunakeun Media Gambar Huruf Kaganga jeung kamampuh nulis jeung maca aksara sunda*”. Jadi, udagan dina ieu panalungtikan nya éta gambar hurup Kaganga bisa digunakeun salaku média pangajaran dina pangajaran nulis jeung maca aksara Sunda, nu antukna ngaronjatkeun kamampuh nulis jeung maca aksara Sunda.

2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, masalah anu jadi udagan dina panalungtikan nya éta dirumuskeun dina kalimah pananya ieu dihandap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis jeung maca aksara Sunda siswa kelas X di SMA I Pasundan Bandung?
- 2) Naha gambar huruf kaganga anu jadi média pangajaran bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis jeung maca aksara sunda siswa kelas X di SMA I Pasundan Bandung?
- 3) Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh awal nulis jeung maca aksara Sunda jeung kamampuh ahir nulis jeung maca aksara Sunda anu ngagunakeun média gambar huruf kaganga siswa kelas X SMAN I Pasundan Bandung?

1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

3.1 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah anu geus dipedar, ku kituna ieu tujuan panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun

- 1) kamampuh nulis jeung maca aksara Sunda ngagunakeun média gambar hurup Kaganga siswa kelas X di SMA I Pasundan Bandung.
- 2) Ngaronjatna kamampuh nulis jeung maca aksara Sunda sabada ngagunakeun média gambar hurup Kaganga siswa kelas X SMA I Pasundan Bandung.
- 3) bédana antara pangajaran nulis jeung maca aksara Sunda di awal (pratest) jeung pangajaran nulis jeung maca aksara Sunda di ahir (postés).

3.2 Manpaat Panalungtikan

Manpaat panalungtikan kabagi kana dua bagian nya éta, manpaat sacara téoritis jeung manpaat sacara praktis diantarana nya éta

Manpaat sacara tioritisna nya éta

- 1) ngeuyeuban tiori jeung pangaweruh yén média gambar hurup Kaganga digunakeun salaku média pangajaran.
- 2) méré sumbangan ngeunaan éféktifitas média anu digunakeun dina prosés pangajaran nulis aksara Sunda ngaliwatan gambar hurup Kaganga salaku média pangajaranana.

Manpaat sacara praktisna nya éta

- 1) pikeun siswa, ku digunakeunana média gambar hurup Kaganga dina pangajaran nulis jeung maca aksara Sunda dipiharep siswa leuwih daria dina prosés diajar nulis jeung maca aksara Sunda.
- 2) pikeun guru, ku digunakeunana rupa-rupa modél pangajaran ku guru, bakal ningkatkeun kamampuh jeung pangaweruh siswa dina neuleuman materi anu geus diajarkeun ku guru. Contona, ku cara guru ngajarkeun nulis jeung maca aksara Sunda ngagunakeun média gambar hurup Kaganga dipiharep bisa ningkatkeun kamampuh siswa dina nulis jeung maca aksara Sunda.
- 3) pikeun panulis sorangan nya éta sangkan panulis bisa ngaévaluasi sanggeus modél gambar diterapkeun ka siswa dina prosés pembelajaran di kelas

1. 4 Anggapan Dasar jeung Hipotésis

1.4.1 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar panulis dina panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Gambar hurup Kaganga téh bisa digunakeun salaku média pangajaran dina prosés ngajarkeun nulis jeung maca aksara Sunda ka siswa.
- 2) Média gambar hurup Kaganga digunakeun salaku média pangajaran nulis jeung maca aksara Sunda tur antukna bisa ngaronjatkeun kamampuh jeung pangaweruh siswa. Jeung
- 3) Nulis aksara Sunda aya dina KTSP taun 2006 nya éta dina Standar Kompetensi nulis disebutkeun yén “mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan gagasan dalam berbagai ragam tulisan yang berbentuk terjemahan atau aksara Sunda, surat, dan biografi”.

1.4.2 Hipotésis

Hipotésis mangrupa anggapan dasar sementara dina prosés panalungtikan. Anapon anu jadi hipotésis dina ieu panalungtikan nya éta “Pangajaran nulis jeung maca aksara Sunda ngagunakeun média gambar hurup Kaganga kelas X SMA I Pasundan Bandung bisa ngaronjatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda”.

1. 5 Tatapakan Tiori

Tatapakan tiori mangrupa tiori-tiori anu baris digunakeun dina prosés panalungtikan anu aya kaitanana jeung masalah anu baris ditalungtik. Anu dijadikeun

tatapakan tiori dina ieu panalungtikan nya éta buku-buku anu nyoko kana masalah nu rék dijadikeun panalungtikan. Anapon buku-buku anu digunakeun dina panalungtikan diantarana nya éta

Buku kahiji anu digunakeun salaku acuan dina prosés panalungtikan nya éta “TRANSLITERASI AKSARA SUNDA KUNA, CACARAKAN, DAN PEGON SERTA PENYUSUNAN EDISI TEKS DAN TERJEMAHAN” buku ieu dipaké pikeun tatapakan salila ngayakeun panalungtikan sabab eusi bukuna medar ngeunaan kamekaran aksara Sunda. Lian ti ngajelaskeun ngeunaan kamekaran aksara Sunda, dina buku ieu gé dituliskeun sababaraha conto aksara Sunda anu dipaké dina naskah-naskah Sunda kuno. Ku kituna, buku ieu digunakeun salaku acuna nalika panalungtik ngajarkeun aksara Sunda ka murid dina prosés panalungtikan.

Buku ka dua nu digunakeun salaku tatapakan tiori judulna nya éta “Penilaian Hasil Proses Belajar Mengajar”. Buku ieu dijadikeun tatapakan tiori dina prosés panalungtikan sabab panalungtikan ngagunakeun metode éksperimental dimana panalungtik ngayakeun éksperimén tur anu jadi objékna nya éta murid. Ku kituna, buku ieu dipaké pikeun acuan dina nangtukeun paraméter-paraméter penilaian nalika évaluasi dilaksanakeun ku panalungtik, lian ti digunakeun pikeun nangtukeun parameter-parameter penilaian buku ieu digunakeun pikeun acuan dina ngolah data hasil evaluasi siswa dina prosés panalungtikan.

Buku ka tilu nu digunakeun dina prosés panalungtikan nya éta “Menulis Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa”. Buku ieu digunakeun salaku acuan dina mariksa hasil évaluasi siswa, sanajan dina prosés panalungtikan siswa nulis maké

aksara Sunda tapi dina mariksa karangan siswa lian ti ngagunakeun aturan-aturan dina nulis aksara Sunda tapi digunakeun ogé aturan-aturan tatacara nulis tulisan pribadi. Ku kituna, buku ieu digunakeun pikeun ngalengkepan tatapakan tiori dina prosés panalungtikan.

Buku ka opat nu digunakeun dina prosés panalungtikan judulna nya éta “Membaca Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa”. Buku ieu digunakeun pikeun acuan dina ngaévaluasi siswa nalika maca bedas dihareupeun kelas. Lian ti éta, buku ieu digunakeun pikeun nangtukeun paraméter-paraméter penilaian maca bedas anu dilakukeun ku siswa di kelas.

Buku pamungkas anu digunakeun dina prosés panalungtikan judulna nya éta “Strategi belajar mengajar”. Buku ieu digunakeun salaku acuan di kelas pikeun panalungtik nalika ngajarkeun nulis jeung maca aksara sunda kalawan méka média pangajaran gambar huruf kaganga dina prosés panalungtikan ka siswa.

1.6 Wangenan Oprasional

Wangenan oprasional nya éta istilah-istilah anu aya hubunganna jeung variablel-variabel anu aya dina prosés panalungtikanan.

1) Média gambar hurup Kaganga

Anu dimaksud média gambar hurup Kaganga dina prosés panalungtikan nya éta digunakeunana gambar hurup Kaganga salaku média pangajaran nulis jeung maca aksara Sunda dina prosés pangajaran di kelas.

2) Aksara Sunda

Aksara sunda mangrupikeun aksara anu digunakeun kurang leuwih ti abad XVII ka ditu, anu digunakeunana keur nulis naskah. Patalina aksara sunda dina prosés panalungtikan nya éta matéri anu diajarkeun ka siswa dina prosés panalungtikan anu satuluyna baris diayakeun évaluasi ka siswa boh dina wangun tulisan atawa bacaan sangkan katitén hasilna.

3) Kamampuh nulis aksara Sunda

Kamampuh asal kecap tina mampuh anu hartina kuat atawa bisa, Patalina kamampuh nulis aksara sunda dina prosés panalungtikan nya éta kamampuh atawa kabisa siswa dina nulis aksara Sunda jeung kamampuh siswa dina ngalarapkeun tanda vokalisasi pangrobah sora dina tulisan.

4) Kamampuh maca aksara Sunda

Anu dimaksud kamampuh maca aksara Sunda dina prosés panalungtikan nya éta kamampuh atawa kabisa siswa nalika maca aksara sunda kalawan gemet, jeung

kamampuh siswa dina ngalarapkeun tanda vokalisasi pangrobah sora nalika maca aksara Sunda.

Jadi nu dimaksud pangajaran nulis jeung maca aksara Sunda ngagunakeun média gambar hurup Kaganga salaku média pangajaranana nya éta dipiharep ku digunakeunana média gambar hurup Kaganga dina prosés pangajaran aksara Sunda siswa mampuh nulis aksara sunda anu antukna nu antukna bakal mangaruhan kana kamampuh maca siswa dina wangun aksara Sunda.

